*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№130 (26582)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 23 июль – сусæны мæйы 23 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 БЫНÆТТОН ХИУЫНАФФÆЙАД
*Кировы районы социалон-экономикон рæзт*

3 РАГОН КЪАМТÆ ДЗУРЫНЦ
*Ханайты Гаппойы фарн*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Афæлгæст*

**Æмбырд**

## Хъæууон хæдзарады рæзты фарстатæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй скодтой, республикæйы хъæууон хæдзарады рæзты фарстатæм кæм æркастысты, ахæм æмбырд. Боны фæткы сæйраг темætæ уыдысты аграритæн паддзахадон æххуыс фæхъомысджындæр кæнын, гидромелиоративон мадзæлттæй пайда кæнын, хъæууон туризмы рæзт.**

Æмбырды архайдтой дзуапдæттæн министрадтæ æмæ ведомствæты, «Россельхознадзор»-ы цæгаткавказаг регионты 'хсæн управлени, Цæгат Кавказы федералон зылды «Росстат»-ы управлени æмæ федералон бюджетон паддзахадон управлени «Севосетинмелиоводхоз»-ы разамонджытæ, муниципалон скондты сæрдартæ.

Паддзахадон æххуысы бæрц 2026 азы у 1,2 миллиард сомы. Фæрæзтæ хардзгонд цæуынц бирæазон культуртæ ныссадзын æмæ сæм зилынмæ, æхсыр æмæ дзидзайы хи продукци уадзынмæ, бинонты фермæтæн æххуысæн. Дзанайты Барис фæбæрæг кодта, уæлдай æргом аздахын кæмæ хъæуы, уыцы нысантæ.

Республикæйы Хъæууон хæдзарады министрадæн хæсгонд æрцыд иудадзыг лæмбынæг цæст дарын, субсидитæ кæмæн дæттынц æмæ дзы куыд пайда кæнынц, уымæ. Премьер-министр бахахх кодта, уыцы фарстатæм каст хъуамæ кæй цæуа æппæт къæпхæнты дæр – гранттæ райсынæй спайда дзы кæныны онг.



– Æрвылаз нæ аграритæн æххуысæн дихгонд цæуынц дзæвгар æхцайы фæрæзтæ. Хъæуы лыстæг æркæсын, проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ. Хъуыддагмæ формалон цæстæй кæсын нæ хъæуы, мах хъæуы йæ фæстиуæг. Ахæм нысантæ нын нæ размæ æвæры республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, – загъта Дзанайты Барис.

Хицауады Сæрдар ма æмбырды архайджыты æргом аздæхта ихуард рагагъоммæ сбæрæг кæныны системæйы куыстмæ. Уый тыллæг бахъахъхъæныны хъуыддаджы ахсджиаг фарста у.

Тыллæгæрзад фæбæрзонддæр кæнын æмæ хъæууон хæдзарады продукцийы рæзт æнгом баст у мелиорациимæ. Премьер-министр бафæдзæхста Цæлыччы магистралон арыхъы (канал) куысты ахадындзинад сбæрæг кæнын.

– Объекты рацарæзтæн дзæвгар фæрæзтæ дихгонд æрцыд. Хъуамæ пайда хæсса бынæттон аграритæн, æххуыс уа республикæйы агропромышленнон комплексы рæзтæн. Уымæ гæсгæ дзуапдæттæн ведомствæ бацархайæд магистралон къанауы хъомысджын куыстыл, – бафæдзæхста Дзанайты Барис.

2026 азы донхорыг кæнынæн лæвæрд æрцыд 150 милуан сомæй фылдæр, уыдоны æххуысæй царды уагъд æрцæуыдзæн фондз проекты. Хицауады Сæрдар бахæс кодта æппæт хъæугæ мадзæлттæ саразын æмæ æхцайы фæрæзтæ лæвæрд кæмæн цæуынц, уыдонмæ сæ афойнадыл æнæкъуылымпытæй фæхæццæ кæнын.

Æмбырды архайджытæ ма лæмбынæг ныхас кодтой агротуризмы дарддæры рæзты гæнæнтыл. Ацы аз уымæн субсидитæ лæвæрд æрцæуыдзæн 114 милуан сомы. Фæрæзтæ схардз кæндзысты фæзуæттæ банывыл кæнын, туристтæн фысымуаты æмæ фæлладуадзæн бынæттæ саразын, хъæугæ ифтонггæрзтæ балхæнын æмæ хъæууон хæдзарады бындурыл туристон лæггæдтæ фæуæрæхдæр кæныныл.

– Æнæмæнг хъæуы æххæст хатдзæг скæнын: паддзахадон фæрæзты бæрц сбæлвырд кæнын, химæ райст хæстæ куыд æххæстгонд цæуынц, ныридæгæн цал куысты бынаты сарæзтой, æмæ бюджетмæ цæйбæрц хъалонтæ æрбацыд, – бахæс кодта Хицауады Сæрдар.

Цæгат Ирыстоны 2025 азы æххæстгонд цæуы, Хъæууон хæдзарады министрад кæй сарæзта, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысы ахæм программæ. 2026 азы агробизнесы архайынмæ гранттæн радих кодтой 27 милуан сомæй фылдæр. РЦИ-Аланийы хъæууон хæдзарады министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Мæхъиты Алан** куыд загъта, афтæмæй 1 июлы курдиæттæ исыны рæстæг фæци, программæйы архайынмæ лæвæрд æрцыд 16 курдиаты. Хæстæгдæр рæстæг къамис сбæрæг кæндзæн уæлахиздзауты.

Æмбырды архайджытæ ма æркастысты, республикæйы фæзуаты ветеринарон æдасдзинады мадзæлттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ. Сбæлвырд кодтой ахъаззагдæр фарстатæ æмæ сæ сæххæст кæныны мадзæлттæ.

**РЦИ Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Архайд**

## Сæйрагдæр – сабитæн æмбæлгæ уавæртæ саразын

**Республикæйы дарддæр цæуынц ахуырадон куыстуæттæ банывыл кæныны куыстытæ.**



РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** йæ телеграм-каналы куыд фехъусын кодта, афтæмæй Адæмон программæйы бындурыл æмæ «Иугонд Уæрæсе»-йы партион программæ «Ног скъола»-йы фæлгæты ацы аз банывыл кæндзысты 36 ахуырадон куыстуаты – 24 скъолайы, 6 сывæллætты рæвдауæндоны æмæ 6 астæуккаг профессионалон ахуырады объекты.

Куыстыты хæрзхъæддзинадмæ иудадзыг сæ цæст дарынц партийы депутаттæ, се 'мгъуыдтæм гæсгæ къуылымпыгонд нæ цæуынц. Цы æхцайы фæрæзтæ сын уагъд ис, уыдон куыд хардз кæнынц, уымæ та ис уæлдай лæмбынæг каст.

Ацы хатт «Иугонд Уæрæсе»-йы минæвæрттæ уыдысты Дзæуджыхъæуы 3-æм æмæ 44-æм, стæй Æрхонкæйы 2-æм скъолайы арæзтадон фæзуæтты.

3-æм скъолайæн æртын азмæ фыццаг хатт йæ сæр ивд цæуы, 2027-æм азы та йын сцалцæг кæндзысты мидæгæй йæ хатæнтæ. 44-æм скъолайы баивтой электрон телтæ, сцалцæг кодтой санитарон уæттæ, хæстæгдæр рæстæг бавналдзысты ахуырадон кабинетты куыстытæм.

Æрхонкæйы 2-æм скъола та 1972 азæй нырмæ фыццаг хатт сцалцæг кæндзысты. Ныридæгæн уал ын баивтой йæ инженерон хызтæ, – рухс, дон æмæ тæвд раттыны фарстатæ лыггонд æрцыдысты. Ныртæккæ кæронмæ фæхæццæ кæнынц агъуысты мидæггаг куыстытæ.

Ам ма фæбæрæг кæнын хъæуы, ахуырадон куыстуæттæ æрмæст цалцæггонд кæй нæ цæуынц, фæлæ ма сæ ифтонг кæй кæнынц ныыккон хъæугæ ахуырадон ифтонггæрзтæй. Регионы Сæргълæууæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй сæйрагдæр у, алы сывæллон дæр, кæм цæры, уый нæ ныимайгæйæ, хъуамæ ахуыр кæна ныыккон зæрдæмæдзæугæ уавæрты.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Æрæфы районæй**

## Ивддзинæдтæ сæхиуыл банкъардзысты

**Республикæ фæстаг азты цы ивддзинæдтæ бавзæрста, уыдон Æрæфы районы иувæрсты нæ ацыдысты. Районы центр æмæ хъæуты фæлгонц хуыздæрæрдæм ивы, фæзынд дзы, хъæуты цæрджытæ сæхæдæг кæй равзарынц æмæ кæуыл схъæлæс кæнынц, ахæм ног фæлладуадзæн зонæтæ. Национ проекттæ æмæ федералон программæты бындурыл арæзт цæуынц, социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм объекттæ.**

Æрæфы муниципалон районы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг **Махъоты Сослан** йæ кусæг балцы рæстæг бабæрæг кодта, Лескены хъæуы бындуронæй цалцæггонд цы рæвдауæндон цæуы, уый, æмæ сбæлвырд кодта куыстыты хæрзхъæддзинад. Объекты куыстытæ фæдзæхст сты æнæххæстбарджын æхсæнад «Кайзер»-ыл, æххæстгонд цæуынц национ проект «Бинонтæ»-йы фæлгæты.

Проектмæ гæсгæ агъуыст, зæгъын æмбæлы, ногæй рацараздзысты: баивдзысты йын йæ сæр, йе'ппæт инженерон хызтæ, хатæнтæ сфæлынддзысты, стæй кæрт банывыл кæндзысты.

Ацы бонмæ объекты цæттæдзинад у 70 проценты. Специалисттæ йын йæ сæр æрæхгæдтой, баивтой инженерон хызтæ, уыимæ электрон тыхæй æфсадæн, хъармгæнæн, донимæ баст системæтæ, баивтой дуæрттæ æмæ рудзгуытæ.

Ныртæккæ кусджытæ архайынц мидæгæй, ахорынц цартæ, къултæ, кæрт æмæ рæвдауæндонмæ æрбацæуæнтæ рæсугъд кæнынц. Æппæт куыстытæ дæр арæзт цæуынц рæстæгыл, æмгъуыдтæй фæсте нæ зайынц.

Махъоты Сослан куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй бындурон цалцæг хъуамæ фæуа 2026 азы 30 ноябры. Муниципалитеты социалон инфраструктурæйы рæзтмæ районы администраци иудадзыг йæ цæст дары.





Дарддæр муниципалон районы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг йæ фæндаг акодта ноджы ма иу ахсджиаг объектыл – Лескены цæугæдоны сæрты хидыл. Куыстытæ æххæстгонд цæуынц национ проект «Инфраструктурæ цардæн»-ы фæлгæты. Фæндаг Дзæуджыхъæу-Æрыдон-Лескены 88,5 километрыл объекты цæттæдзинад ныридæгæн у 60 проценты.

Æнæххæстбарджын æхсæнад «Асфальттрейд» сæвæрдта хиды фондз пролеттæй цыппар. Ныртæккæ дарддæр куыст цæуы, чи ма баззад, уыцы хæйттыл, хидмæ дыууæрдыгæй бацæуæнтыл, стæй блоктæ кæрæдзийыл бабæттыныл архайынц.

Объект хъуамæ сцæттæ уа 2027 азы 1 декабрмæ. Проектмæ гæсгæ хид ногæй арæзт цæуы: ивынц ын, кæуыл лæууы, уыцы цæджындзтæ, конструкцитæ, инженерон хызтæ, сæвæрдзысты йыл ныыккон уæлцъар æмæ йын йæ алфамбылай банывыл кæндзысты.

Ног хид адæмæн «лæггад» кæндзæн дæсгай азтæ, республикæйы цæрджытæ æмæ уазджытæ йыл æдæрсгæ æмæ æнæфыдбылызæй цæудзысты.

Йæ кусæг балцы рæстæг Махъоты Сослан уыдис Толдзгуыны скъолайы дæр. Ам та ахуырадон куыстуаты бындурон цалцæджы куыстытæ конд цæуынц национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ»-йы фæлгæты. Объекты цæттæдзинад схæццæ 60 процентмæ. Æнæххæстбарджын æхсæнад «Строймонтаж» абоны онг халæн куыстытæ фæци, специалисттæ пъолтæ баивтой къæлидортæ æмæ, иумæйагæй цы хатæнтæй пайда кæнынц, уым, æппæт инженерон хызтæ. Ныртæккæ хъазуатонæй ахуырадон кабинеттæ ахорынц, фæлындынц сæ. Хæстæгдæр рæстæг бавналдзысты æддаг фарс цалцæг кæнынмæ.

Уæлдай æргом Махъоты Сослан аздæхта сабиты æдасдзинад æмæ фидæны æнцойуаты фарстатæм – уыдон сты абон ахсджиагдæр. Куыстытæ хъуамæ æххæстгонд æрцæуой ацы азы 20 августмæ.

Дарддæр ма Махъойыфырт бабæрæг кодта, социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм дыууæ объекты – фелсырон-акушерон пункт æмæ хъæуккаг Культурæйы хæдзар, сæ абоны уавæр æмæ бынæттон цæрджытæн лæггæдтæ цы уавæрты кæнынц, уый сбæрæг кæныны охыл.

Æмткæй райсгæйæ, кусæг балцы рæстæг бæлвырдгонд æрцыд, районы хъæуты хорзæрдæм ивддзинæдтæ æмбæлгæ уагыл кæй цæуынц, уый та дзурæг у, тагъд рæстæджы сæ бынæттон цæрджытæ сæхиуыл кæй банкъардзысты, ууыл.

**БУТАТЫ Азæмæт**

**Адæмон газет**

## «Рæстдзинад» – 2026 азы дыккаг æмбисæн




**Кæд уыдис, æмæ газет, национ уæвгæйæ, йæ тиражæй фæсте баззайа? Махмæ та афтæ рауад. Цæмæн? Кæй аххосæй, кæй фыдæй? Газет «Рæстдзинад»-ы кад дæлæмæ цæмæн уадзæм, алкæмæ дæр нæ цавæрдæр фадæттæ ис, хъуамæ сæ пайда кæнæм, рафыссæм æй. Йæ тираж хъуамæ зынгæ фылдæр уа, æмæ нæ уый комкоммæ алкæй хæс дæр у. Хъуамæ уый æмбарæм!**

**Газет адæмон у, уымæ гæсгæ йæ кад адæмæй кæнгæ у. Адæм та ныртæккæ уæззау уавæрты цæрынц, сæ фылдæр газет рафыссынхъом не сты. Хъуамæ сæ цуры чи балæууа, сæ хæдзæрттæм сын «Рæстдзинад» фæхæццæ кæныны хæс йæхимæ чи райса? Нæ бон цы у, уый хъуамæ æмхуызонæй скæнæм. Бавналæм-ма уæдæ нæ уарзон адæмон газет «Рæстдзинад» рафыссынмæ!**

**Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисы фондз мæйæн газет рафыссыны аргъ у 1430 сомы æмæ 97 капеччы. Адæмы льготон къордты минæвæрттæн – 1163 сомы æмæ 80 капеччы.**

**Газет «Рæстдзинад»-ы индекс – 53901.**

***РЕДАКЦИ***

**Дзырды фарн**

*Кæнгæ уæзданмæ кæнгæ митæ вæййы.*

*ÆМБИСОНД*

# Æнтыстытæ ис, æххæстгæнинаг хъуыддæгтæ дæр – афтæ

**Амæйразмæ Парламенты Советы æмбырды ныхас цыд Кировы районы социалон-экономикон рæзтыл. Уыцы рæзты уавæрыл, йæ фæхуыздæр кæнынæн районы хъомыс цас у, ууыл, стæй, уымæй размæ хаст чи æрцыд, республикæйы закъонæвæрынадон оргæны уыцы уынаффæтæ куыд сæххæст кодтой, уый фæдыл бæстон ныхас ракодта Парламенты закъонæвæрынад, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар ЧЕРЧЕСТЫ Аслан æмæ сæйраг æргом аздæхта, районæн ахсджиагдæр чи у, уыцы фарстатæм.**


Культурон райрæзты центр Елхоты

## Бюджет

Районы бюджетыл ныхас кæнгæйæ, депутат куыд загъта, афтæмæй, районæн лæвæрд æрцыд муниципалон финанстæй раст пайда кæнынæй дыккаг къæпхæн. Бюджеты хи æфтиæгтыл фæстаг цыппар азмæ бафтыд 22 проценты, ацы аз та пълан кæнынц 29 проценты йыл бафтауын.

Ивгъуыд азы бюджет сæм рауад 11,5 милуан сомæй æфтиагджын, фæлæ, уымæ, фæфылдæр, республикон бюджетæй районæн цы æххуыс лæвæрд цæуы, уый дæр. Районы хæс у 15 милуан сомы, уыдонæй ивгъуыд аз бафыстой 158 мин сомы. Бæрæггæнæнтæ дзурæг сты, бюджеты уавæр нывыл кæнынæн район кæй хъуамæ бакуса хи æфтиæгтæ фæфыдæр кæныныл æмæ хъалонты службæимæ иумæ хъалонтæ æмбырд кæныны хъуыддаг рацаразыныл.



## Национ проекттæ æмæ программæтæ

Национ проекттæ, федералон æмæ регионалон программæтæ куыд амонынц, афтæмæй хæрдзтæ фылдæр домынц «Хъæууон фæзуæтты иумæйаг райрæзт», «Ахуырады райрæзт» æмæ «Зæрдæмæдзæугæ æргътæм гæсгæ æнцонвадат цæрæнуæттæ дæттын»-ы программæтæ. Уыдоны фæлгæты Елхоты арæзт æрцыд, адæмæн 400 бынаты кæм ис, Культурон райрæзты ахæм центр. Змæйкæйы станицæйы арæзт цæуынц скъола æмæ Культурæйы хæдзар. Базылдысты фæлладуадзæн æхсæнадон бынæттæм, бындурон цæлцæггонд æрцыдысты Ираны хъæуы, Змейкæйы, Даргъ-Къох æмæ Ставд-Дурты скъолатæ, цалцæггонд – бынæттон нысаниуæджы фæндæгтæ æмæ æндæр куыстытæ. Ацы программæты нысантæ æххæст кæнынæн ивгъуыд аз районæн дихгонд æрцыд 161 милуан сомы, ацы аз та – фондз хатты фылдæр, 774 милуан сомы бæрц.

## Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ промышленность

Парламенты комитеты сæрдар йæ раныхасы куыд загъта, афтæмæй ацы къабæзтимæ баст Парламенты уынаффæтæ, æмткæй райсгæйæ, æххæстгонд æрцыдысты. Фæлæ, йæ фиппаинагмæ гæсгæ, ивгъуыд аз фæндæгты цалцæгæн кæд 17 милуан сомы лæвæрд æрцыд, уæддæр нормативон домæнтæн дзуапп дæттынц æрмæстдæр сæ 35 проценты, кæд æмæ, республикон программæмæ гæсгæ, хъуамæ уой 45 проценты.



Экологи æмæ æрдзон фæрæзты комитеты уынаффæйæ районы куынæггонд æрцыдысты, Даргъ-Къохы хъæугæрон æнæзакъонæй кæй сарæзтой, дыууæ ахæм бырондоны. Фæлæ сыгъдæгдзинадимæ баст фарста кæронмæ лыггонд нæма у, уымæн æмæ алфæмбылай æрдзæн зианхæссæг ахæм бырондæттæ нырма уал ис Елхот æмæ Змейкæйы.

## Хъæууон хæдзарад

Хъæууонхæдзарадон нысаниуæджы зæххыты фæзуат районы гыццыл нæу, уымæ гæсгæ аграрон къабаз, иннæтимæ абарæгæйæ, у бирæ хъомысджындæр, æмæ йын схонæн ис районы экономикæйы бындур. Фæлæ районы ивгъуыд азы социалон-экономикон бæрæггæнæнтæм æрмæст иу фарсы 'рдыгæй кæсæн нæй. Зæгъæм, фæззыгæндтæ кæм байтыдтой, уыцы фæзуат, стæй сæм цæхæрадæтты фæзуат кæд фæфылдæр, уæддæр хорæрзад фæкъаддæр 20 процентæй, дыргътæ æмæ халсарты тыллæг та – 42 процентæй. 31 процентæй фæкъаддæр стурвосы нымæц, 26 процентæй – хъуццыты æмæ 10 процентæй – сæгъты нымæц.



Фарон æрдзон уавæрты аххосæй хъыгдард баййæфтой цæхæрадæттæ æмæ тауинæгты 1 100 гектарæй фылдæр. Уымæ гæсгæ парламентаритæ кусын райдыдтой агрофæдзæхстады фæдыл нормативон акт саразыныл. Уый фæрцы уыдзæн амынд фæдзæхстадæн федералон бюджетæй æхца дæттыны программæйы архайыны фадат. Донхорыггæнæн куыстытæ саразынæн фарон паддзахад районæн баххуыс кодта 85,4 милуан сомæй. Уый фæрцы донхорыггонд æрцыд зæххыты 852 гектары. Фæлæ районы хъæууонхæдзæрадон нысаниуæджы æппæт зæххытыл уыцы хъуыддаг нæ аххæссыд. Донхорыгхъуаг ма сты 26 гектары, уымæ гæсгæ фарста алыг кæныныл куыст цæуы дарддæр.

Сагъæссаг у, кæсагдарынады къабазы цы уавæр сæвзæрд, уый. Фарстамæ йе 'ргом аздæхта канд Парламент нæ, фæлæ республикæйы Сæргълæууæг дæр. Æмбырдæй иуы рæстæг куыд загъта, афтæмæй, кæсагдарынады куыст чи кæны, ахæм хæдзарæдтæ республикæйы ис æртæ сæдæйы бæрц, фæлæ уыдонæй 177 кæнынц сусæг куыст. Ууыл дзурæг у, финансон-хæдзарадон архайды фæдыл æмбæлгæ гæххæттытæ кæй нæ бавдисынц, уый. Стæй, бюджетмæ цы хъалон бафидынц æмæ, сæ архайд сын цы æфтиаг хæссы, уыдон кæрæдзийæ сты тынг дард.

Зæххытæй сæ нысанмæ гæсгæ пайдагонд кæй нæ цæуы, бирæ ахæм халæн цаутæ раргом кодта Цæстдарæн-нымайæн палатæ дæр. Ис ахæм цаутæ дæр, æмæ бизнес йæ хицæуттæ лыстæг дихтæ ныккæнынц, цæмæй хъалон къаддæр фидой, уый тыххæй. Иннæ ахæм, районы ис кæсагдарынады 70 участочы, сæ кусджытæ та, Хъалонты федералон службæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, сты æрмæстдæр 50 адæймаджы. Хæдзарæдтæ афæдзгæйттæ нæ фидынц хъалон, афтæмæй та уыцы хъалонæн йæ 48 проценты цæуынц районы бюджетмæ. Ацы æмæ æндæр фарстатæ алыг кæныны хæс лæууы районы разамынды раз, уæлдайдæр – республикæйы Хъæууон хæдзарады министрады раз. Иннæтæй уæлдай æрмæстдæр «Остров Аквакультуры» æмæ «Форель Алании» цы хъалонтæ бафыстой æмæ цы куысты бынæттæ сарæзтой, уымæй сæххæст кодтой сæ пъланты бæрæггæнæнтæ.

## Æнæниздзинад хъахъхъæнынад

Дохтыртæй район фарон æххæст уыд 92 процентæй, уымæй размæйы аз та – 98 процентæй. Уый дзурæг у, «Хъæууон дохтыр» æмæ нысанмæарæзт ахуырмæ æрвитыны программæтæ, куыд æмбæлы, афтæ кæй нæ кусынц, ууыл. Стæй, хъæугæ специалисттæ се 'ргом районмæ цæмæй здахой, уымæн æмбæлгæ уавæртæ арæзт кæй нæ цæуы, уый дæр бæрæг дары.





Иннæ фарста – телемедицинæйы гæнæнтæ. Фарон æмæ дзы æндæр аз пайдагонд нæ цыд. Ацы аз хъуыддаг рацарæзтой æмæ рынчынты дзæбæх кæныны ахсджиагдæр мадзал – телемедицинæйæ ныр пайда кæнынц.

Ацы азы райдайæнмæ районы центрон рынчындон 9 милуан сомы бæрц хæс дардта. Диспансеризацийы пълан та сæххæст кодтой 65 процентæй. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы чи ис, уыцы национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæн се 'ппæтæн дæр сæ нысан у, адæм фылдæр цæрын цæмæй райдайой, уый. Фæлæ, фарон районы чи амард, уыдон, чи райгуырд, уыдонæй фылдæр кæй уыдысты, уый дзурæг у, бынæттон цæрджыты æнæниздзинад хъахъхъæнынады фарстатæ фылдæр æргом кæй домынц, ууыл.

## Ахуырад

Районы 11 скъолайæ ахуыргæнджытæй æххæст сты бынæттæ ис æрмæстдæр æртæ. Иннæ скъолаты нæ фаг кæнынц математикæйы, фæсарæйнаг æвзæгты, уырыссаг æвзаг æмæ райдайæн къласты ахуыргæнджытæ. Уый амоны, ахуырады къабазы кусджыты кадавардзинад районы фæкъаддæр кæнын къухы кæй нæ бафтыд, ууыл, кæд æмæ уавæр фæхуызæр кæнынæн ис алыхуызон социалон æххуыстæ. Зæгъæм, æрыгон специалисттæн дæттынц цæрæнуат, кæдмæ куса, уæдмæ, науæд та зæххы хай, цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæн фидынц æмбис, транспортыл цæуынæн кæй бафидынц, уыцы æхца сæм фæстæмæ раздæхы æмæ æндæртæ. Фæлæ цæмæдæр гæсгæ уыцы æххуыстæй пайдагонд нæ цæуы, транспорты лæвар цæуынæй фæстæмæ.

Скъолаты чи кусы, уыцы ахуыргæнджытæн сæ фылдæр (64 проценты) сты, ссæдз азæй фылдæр чи бакуыста, ахæмтæ. Фондз азæй къаддæр чи бакуыста, уыцы æрыгон ахуыргæнджытæ та сты æрмæстдæр фараст проценты, æмæ сæ нымæц кæны къаддæрæй-къаддæр.

Скъолатæн сæ фылдæры фарон нæ уыд фæллой кæныныл ахуыргæнæн предмет. Æнæ уымæй та куыд ис кæстæр фæлтæр цардмæ бацæттæ кæнын? Уавæр фæхуыздæр кæнын къухы бафтыд, æмæ ныр скъолаты фæзынд ацы предмет ахуыр кæнынæн фæрæзтæ – пецтæ, хуыйæн машинæтæ, æфсæйнаг æмæ хъæдыл нывтæ судзгæйæ кæныны прибор. Фæлæ, хъæддæсны, зырнæйзилæг, хъæдгуыстгæнæг, электрик æмæ æндæр ахæм хъæугæ дæсныйæдтыл сахуыр кæнын кæй фæнды, уыдонæн дзы гæнæнтæ æмæ уавæртæ нæй. Æмæ уый у лыггæнинаг фарста. Афтæ – се 'нæниздзинадмæ гæсгæ сæ авналæнтæ цыбыр кæмæн сты, ахæм ахуырдзаутæн районы æртæ скъолайы уавæртæ кæй нæма ис, уый дæр.

## Культурæ

Æмбырды куыд райхъуыст, афтæмæй культурæйы къабаз рацаразынимæ баст Парламенты уынаффæттæ æххæстгонд æрцыдысты. Æхсызгон у, республикон конкурсы бæрæггæнæнтæм гæсгæ Елхоты Культурæйы хæдзар культурæйы кусæндæтты хуыздæрыл нымад кæй æрцыд, уый.

Иннæ ахсджиаг хъуыддаг – Дзылаты мæсыг (Тæтæр-туп) хаст у, федералон нысаниуæджы культурон бынтыл нымад чи æрцыд, уыцы хыгъдмæ. Куыд зонæм, афтæмæй ацы зындгонд историон бынат йæ рæстæджы бабæрæг кодтой æмæ йыл фыстой бирæ хъуыстгонд адæймæгтæ. Фæлæ, 1981 азы реставрацион куыстытæ кæныны рæстæг, æртындæсæм æнусæй ссæдзæм æнусмæ чи фæлæууыд, уыцы мæсыг, стыр хъыгагæн, хæлд æрцыд. Æмбал кæмæн нæй, ахæм историон цыртдзæвæнтæ Ирыстоны нæ, фæлæ æппæт Уæрæсейы дæр стæмтæй йеддæмæ нæй. Уымæ гæсгæ районы разамынд Культурон бынты объекттæ хъахъхъæныны комитетимæ иумæ хъуамæ бацархайой, цæмæй мæсыг йæ рацаразыны тыххæй хаст æрцæуа федералон программæмæ. Раздæр та уал хъæуы æрæвæрын мæсыгæн йæ чысыл макет хъусынгæнинагимæ.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Ног чиныг

# Мæ зæрдæмæ тынг фæцыд

**Асæрды, июны, газет «Рæстдзинад» ныммыхуыр кодта «КОКАЙТЫ Тотрадз. «Публицистикæ», зæгъгæ, чиныгыл афæлгæст. Куы йæ бакастæн, уæд афтæ тынг фæцыд мæ зæрдæмæ æмæ загътон, уæдæ кæм ссарон ацы чиныг?**


Тотрадзы хуыздæр чиныг

Æз арæх фелхæнын чингуытæ, цалдæр чингуытæ уæйгæнæн дуканиты телефонтæ зыдтон. Фæдзырдтон сæм дзæвгæр рæстæг, фæлæ сæ дзуапп уыд ахæм: «Махмæ уыцы чиныг нæй». Фæстæдæр мын мæ сыхаг Бигъуылаты Людæ уыцы хорздзинад скодта, æрбалæвæрдта мын Тотрадзы ног чиныг.

Цалдæр боны фæкастæн «Публицистикæ». Йæ разныхасы чиныгаразæг, филолог Токаты Зæринæ раст бахахх кодта темæты ахадындзинад. «Публицистикæ»-йы автор Кокайты Тотрадз рахаста чиныгкæсæджы размæ алыхуызон темæтæ: «Фыдыбæстæ – æнусон фарн», «Ирон фарнхæсджытæ», «Чиныг – ирон дзырды фарнхæссæг, «Абоны зарæг æмæ дзырды фарн», «Фарн æмæ æгъдау – нæ адæмы иугæнæг», «Мардæрцыд æви марды æгъдæуттæ», «Фыстæджытæ», «Фысджытæ зæгъынц», «Уæлæмхасæн».

Тотрадз йæ мысинæгты зæрдæбынæй дзуры, педагогон училищæйы кæимæ ахуыр кодта, æмдзæрæны кæимæ цардис, уыдоны тыххæй. Æз дæр се 'ппæты дæр зыдтон, уыдон сты Гадаты Лазæр, Кокойты Æхсар, Дзбойты Михал, Хетæгкаты Хъазыбег, Гуыбаты Зауыр, Соскъиты Валодя, Еналдыты Бек æмæ иннæтæ.

Афтæ мæм кæсы, æмæ Кокайты Тотрадзы «Публицистикæ»-йы сæйраг бынат ахсы «Фыды уæзæг – æнусон фарн»-ы темæ. Йæ сæргонды дæр æппæты фыццаг лæууы фыццаг рæнхъы, уымæн æмæ дзы ис нæ Ирыстоны риссагдæр фарстатæ.

Автор фыссы: «Акæсæм нæ алыварс цæрæг адæмтæм. Сæхицæн паддзахæдтæ аразынц цæргæ-цæрæнбонты, искæй зæххыл æрбадгæйæ сæ сусæгæргомæй сæхирдæм æрбассивынц. Уыцы хъуыддаджы ахæм сыхæгты бафæзмæм, уый зæгъæг нæ дæн. Хуыцау бахизæд! Нæ фыдæлтæ кæмыты цардысты, уыдон нал раздахдзыстæм: Днестр, Дунай, Дон, Идыл, Хъырым, фæстагмæ Хъубаны алфамбылай зæххытæ, цалынмæ нæ æнæхайыры Тимуры æфсæдтæ хæхтæм не 'рбатардтой, уæдмæ. Фæлæ ма нын нæ фыдæлтæй æппынфæстагмæ цы кæмттæ баззад, уыдоныл фидар хæцын базон æмæ сæ кæстæртæн бынтæн ныууадз, уымæй хуыздæр ма цы уа!»

Адæмæн цавæр сыхæгтæ ис, куыд цæрынц кæрæдзиимæ, куыд æххуыс кæнынц зын сахат сыхагæн, уый тыххæй Тотрадз фыссы: «Кæд историктæй (Гуырдзыйы) ферох ис, сæ фыдæлтæ чи сты æмæ кæцæй æрбацыдысты, уый, уæд уал сæхи æцæг историкты фыстытæ бакæсæнт. Кæд сæ ирæтты фыдæлтæ бауагътой сæ зæххытыл æрцæрын? Кæд сæ уыдон ракодтой адæмы рæгъмæ?» Уыцы хъуыды бафидар кæнынмæ Тотрадз æрхаста дæнцæгæн, гуырдзиаг публицист æмæ фыссæг Герантий Кокоидзе 1917 азы газет «Сакартвело»-йы цы уац фыста, уый: «Грузины жили на берегу Тигра и Евфрата, но и там нас не любили... а аланы пожалели нас и приютили...»

Ирон адæмæй 2008 азы августы ныббырст Хуссар Ирыстонмæ нæ ферох уыдзæн, кæнæ 20 æнусы 29 азты Джугъелийы фыдмитæ Хуссар Иры, 1990 азы тугуарæн хабæрттæ?

«Иры фарнхæсджытæ» – очерктæ (афтæ сæ схуыдтон æз мæхицæн) ирон фысджыты тыххæй. Автор бæлвырдæй дзуры Цæголты Василиимæ фембæлдтыты тыххæй, бæлвырдæй ныффыста Абайты Васойы фембæлд интеллигенциимæ: Токаты Алихан, Гæздæнты Гайто, Гæздæнты Булат, Токаты Гокки... Фыдыбæстæйы хæст – стыр хæст. Ирон адæм æрлæууыдысты знаджы ныхмæ иннæ адæмты æмрæнхъ. Ныззарыдысты тохы зарæг.

Фысджытæ Дзасохты Музафер, Хозиты Барис, Джыккайты Шамил, Нафи æмæ иннæтæ зæрдæбынæй арфæ кæнынц Кокайты Тотрадзæн – курдиатджын поэт æмæ фыссæгæн. Мæ ныхасы кæрон мæ фæнды, цæмæй нæ хæлар Тотрадз бирæ азты цæра нæ адæмы зæрдæрухсæн, йæ хæлæртты удæнцойæн.

**ÆГКАЦАТЫ Зелимхан,**
**фæллойы кадджын ветеран**

Рагон къамтæ дзурынц

# Ханайты Гаппойы фарн

**Нæ газеты «Рагон къамтæ дзурынц», зæгъгæ, ахæм рубрикæйы бын цы хуызистытæ ныммыхуыр кæнæм, уыдоны фæдыл редакцимæ арæх æрбацæуынц, кæнæ та телефонæй æрбадзурынц. Философтæ куыд дзурынц, афтæмæй алы адæймаг дæр æнæхъæн дуне у, алкæй хъысмæт дæр цымыдисаг у, алы адæймаг дæр царды ныууадзы фæд.**

Афтæ нæм иу хуызисты фæдыл Беслæныхъæуæй Ханайты чындз Ларисæ æрбадзырдта æмæ нæ ракуырдта, цæмæй сæм уазæгуаты ацæуæм, ме 'фсин Зоя, дам, уæ уындмæ бæллы, бирæ радзуринæгтæ йæм ис.

Махæн дæр лæгъстæ нæ бахъуыд, æмæ балæууыдыстæм Ханайты дуармæ. Зоя æмæ йæ дыууæ чындзы Ларисæ æмæ Марианнæмæ раст цыма зæдтæ æртахт, афтæ ныл бацин кодтой, сæ цæстытæй худтысты. Зояйæн кæд йæ къæхтæ йæ коммæ дзæбæх нал кæсынц, уæддæр ма цæрдæг у. Диссаджы дзыкка нын акодта, йæ ад нæ дзыхы баззад, нæртон фынджы уæлхъус нæ фæбадын кодта, сымах, дам, паддзахады куысты сæргъы лæуут, æмæ уæ хæрынмæ дæр кæм равдæлы.

Куыд рабæрæг, афтæмæй Ханайты бинонтæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнынц сæ мыггаджы истори. Уыимæ, æрмæст Зоя, стæй йæ фырттæ Михал, Хæсанæ æмæ Зелим нæ, фæлæ ма чындзытæ дæр, куыд фæзæгъынц, сæ тъымы-тъымайы онг дæр зонынц, чи сын куыд хæстæг у, цавæр лæг уыд, цы ныууагъта йæ фæстæ.

Рахастой нæм дуне хуызистытæ, портреттæ, æмæ дзы иуæй цæстытæ атонын нæ куымдтой – диссаджы хæрзконд нæлгоймаг ирон дарæсы сылгоймаг æмæ сывæллонимæ. Уый разындис Ханайты хистæр, Зояйы сæрыхицау Æхсары фыд Гаппо йæ фыццаг ус Кцойон æмæ йæ лæппу Ладемыримæ (кæсут къаммæ). Сæдæ азæй йыл фылдæр цыд, афтæмæй амард 1946 азы. Беслæныхъæуы фыццагæрлидзджытæй уыд, ралыгъд Цъамадæй æд бинонтæ. Коммерцион курдиат æм разынд, ныр «Росхозторг» кæм ис, уыцы бæстыхайы йæм стыр дуканитæ уыд. Ирыстоны нæ, фæлæ ма раст Сыбыры дæр лымæнтæ скодта. Алæмæты рæсугъд сылгоймаджы стыр портретыл фыст: «Табачная и папиросная фабрика Вахтангова, 1869 год». Зоя нын куыд бамбарын кодта, афтæмæй фабрикæйы хицау уыд Гаппойы хорз хæлар. Зоя ма нын радзырдта ахæм хабар. Цæвиттон, Гаппо мидхæсты рæстæг, фæстæдæр Æппæтцæдисон старостæ чи сси, уыцы Михаил Калинины урсгвардионтæй йæ хæдзары æмбæхстæй æхсæз мæйы фæдардта, стæй тæссаг уавæр сæвзæрд, æмæ йæ, джигулæй фæтæрсгæйæ, иу æхсæв бæхуæрдоны хосы бын ныккодта, афтæмæй йæ фæласта Фарныхъæумæ, йæ хæларыл æй бафæдзæхста. Калинин уыцы хорздзинад нæ ферох кодта, æмæ, коллективизацийы рæстæг куы ралæууыд, коммерсанттæ дæр кулакгонд куы цыдысты, уæд Гаппойæн гæххæттытæ сарæзта, æмæ йæ бинонтæ Сыбыры бинаг нæ фесты.

– Мæ хицауы хорздзинæдтæ куы фæнымайæм, уæд сæхæдæг стыр чиныг сты. Марды лæвар дæр фыццаг хатт Беслæныхъæуы уый раттын кодта. Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ, хохæй æрæджы чи ралыгъд, ахæм бинонтæн сæ лæг æваст æрбамард, æмæ сæм цы иунæг гæбæр хъуг уыдис, уый йын хæрнæгæн аргæвстой. Уæд мæ хицау дзырды бар ракуырдта, адæмы размæ рацыд æмæ бахаста фæндон:

– Мах ацы мæгуыр бинонты хъуг хисты бахордтам, фæлæ сæ дарддæр цæрын кæй хъæуы, ууыл ничи ахъуыды кодта. Ныр уæ курын, æмæ уæ йæ дзыппы кæмæн цы ис, уыдон сисут, æрæвæрæм сæ æмæ сын баххуыс кæнæм. Йæ ныхас бынаты уыдис, адæмы 'хсæн – кадджын лæг. Йæ фарн мæрдтæм нæ ахаста, абон дæр немæ ис, – радзырдта нын цымыдисаг цау Зоя.

Ханайты Гаппойы фыццаг ус Кцойон мæлгæ акодта, баззад ын лæппу æмæ дыууæ чызджы Ладемыр, Дзенукка æмæ Женя. Сывæллæтты кой кæнын хъуыд, æмæ Гаппо дыккаг хатт бахæстæг кодта Кадитимæ, фæлæ та йыл йæ амонд гадзрахатæй рацыд – сылгоймаг амард. Уæдмæ йæ цот дæр рæзыдысты. Сæрмагондæй зæгъдзыстæм Ладемыры тыххæй – сахуыр кодта, стыр лæг дзы рауад – æппæт Цæгат Кавказы æфсæдты сæргъы лæу-уыдис. Æрыгонæй амард, бавæрдтой йæ кадимæ фыццæгæм скъолайы кæрты, аргъуаны раз. Фæн-дзайæм азты уым ныгæд мæрдты куы къахтой, уæд Ладемыры цырт дæр сыгом кодтой. Дзенукка загъта, йæ дзыппы, дам, сырхфистонджын хæрынкъа, æмæ йæ уымæй базон-дзыстут. Æцæгдæр, афтæ рауад. Баныгæдтой йæ йæ фыд Гаппойы фарсмæ. Женяйы чызджытæй иу, профессор, филологон наукæты доктор, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты журналистикæйы кафедрæйы раздæры сæргълæууæг Къомайты Риммæйы дæр нæ республикæйы алчидæр зоны (рухсаг уæд). Риммæ дæр йæ мадыфыды дзæбæх миниуджытæй дзæвгар фæхайджын. Йæ къухæй цы æрыгон специалисттæ рацыд, уыдоны нымæц абон зын банымайæн у.

Æртыккаг хатт бахъуыд æрыгон сиахсы митæ кæнын Ханайты Гаппойы – барвыста йæ минæвæрттæ Дзестелтæм. Геза уыдис Гутонаты ус, йæ мой амард, æмæ дыууæ чызгимæ баззад. Гаппо чызджыты дæр йæхимæ æрбангом кодта, хи хъæбултау сыл узæлыд, йæ зæрдæйы хъарм сын лæвæрдта æнæвгъау. Кæд ыл азтæ гыццыл нæ цыд, уæддæр ма сын Гезаимæ сæнтыст фырыхъулы хуызæн фырт Уырызмæг, фæлæ йын Хуыцау æдæппæтæй 17 азы ратта цæрæнбон. Куы амард, уæд, дам, Геза сæ хæдзары къултæ сауæй сцагъта...

Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй Гаппо амард 1946 азы, сæдæ азæй уæлæмæ йыл цыд, афтæмæй. «Йæ фæстæ æхсæзаздзыд лæппу цы зæронд лæг ныууагъта, уый æцæг нæртон гуырд уыдис, фæлæ йæ Геза ницыхуызы ныййардтаид, зæронд ус уыдис...», – хъуыды кодтон мæхинымæр. Зоя мын мæ мидхъуырдухæн бамбæрста, йæ къæхтыбынæй ныуулæфыд æмæ мын ракодта ахæм хабар:

– Дæ фарн бирæ, фæлæ нæ лæг Ханайтæн тугхæстæг нæ уыд...

Зоя мын куыд радзырдта, афтæмæй БМК-йы поселочы цардысты Харебаты бинонтæ. Фыд хæстмæ ацыд, мад, Татраты чызг, дыууæ æнахъом лæппуйы, Æхсар æмæ Хасанбегимæ баззад. Сылгоймаг æваст амард, æмæ сидзæрты йæхимæ æрбакодта сæ мадыхо – Ханайты Гаппойы æфсымæры ус. Хъысмæт ног цæф ныккодта сабиты – немыцы бомбæты бын фæмард сæ мадыхо дæр, æхсæвыгон æй баныгæдтой. Лæппутæ хурмæ баззадысты, æмæ Хасанбеджы Татраты Муссæ йæхимæ акодта, уый йæ схъомыл кодта. Æхсары дæр сæ дард хæстæджытæй иу Хуымæллæгмæ фæхаста бындурæн, фæлæ дзы, хæдзары цы дыууæ чызджы хъомыл кодтой, уыдон сæ цæсты сындз федтой, схуыст æмæ рæхуыстæй йæ бонтæ 'рвыста. Уый Гаппойы хъустыл æрцыд, араст кодта Хуымæллæгмæ, гыццыл лæппуйы йæ куырæты фæдджийы батыхта æмæ йæ сæхимæ схаста, ратта йæ Гезамæ æмæ йын загъта:

– Мæнæ дын хъæбул, схæсс æй, æмæ дын дон уæддæр бадæтдзæн, æз куы нал уон, уæд.

Æхсарыл цыд æхсæзæм аз, сæхиуыл æй ныффыстой, буцæй йæ хъомыл кодтой, æмæ дзы уыцы уарзондзинад, зæрдиаг узæлд йæ амæлæты бонмæ нæ ферох. Тынг сæрыстыр уыд Гаппойæ, Ханайтæй, мыггагæн лæггад кодта, къæм абадын дæр сыл нæ уагъта. Æмæ йæм иу заман йæ фыдыфсымæр, Харебатæй, бæрзонд бынаты кусæг лæг, Хуссар Ирыстонмæ куы фæдзырдта, ам æрцæр, мæнæ дын хæдзар, машинæ, зæгъгæ, уæд ын ратта ахæм дзуапп:

– Мæнæн мæ хæдзар дæр, мæ машинæ дæр Ханайтæ сты, æмæ сæ стыр хорзæхтыл нæ ивын.

Зоя, елхотаг Кокойты чызг, фарны къах æрбавæрдта Ханайты хæдзармæ хæрзæрыгонæй. Йе 'фсин Дзестелонимæ мад æмæ чызджы цард фæкодтой, фæстæдæр Зояйæн йе 'ртæ чындзимæ (хистæр фырт Михал æмæ йæ цардæмбал Дзерæ цæрынц хицæнæй) дæр ахæм рæсугъд хъарм ахастдзинæдтæ уыдис, кæрæдзийæн «цæсты сау» никæд загътой. Æхсар амард 1994 азы февралы. Зоя хæдзары хистæрæн баззад, фæцудын æй нæ бауагъта. Йе 'ртæ фырты йын балæвар кодтой фондз хуры тыны – цыппар лæппуйы æмæ иу цъæх чызг. Гæнæн ис, æмæ ма сыл бафта. Гаппойы фарн, æнæмæнг, цæрдзæн дарддæр дæр, хæсдзысты йæ, Ханайты бындурыл цы бæллиццаг кæстæртæ рантыст, уыдон.



**ГАПБАТЫ Алетæ**

Хорз адæймæгты тыххæй

# Йæ удварн фæзминаг у кæстæртæн

**Ирон адæммæ царды хорзæй цыдæриддæр ис – зондæй, ирондзинадæй, бæркадæй, лæггадкæнынæй – уыдон иууылдæр сты фарны уидæгтæ. Æмæ афтæ куы зæгъон, царды ацы æвæрццæг миниуджытæй хайджын фæцис Зилгæйы Уастыржийы кувæндоны лæггадгæнджыты хистæр МЫСЫКАТЫ Арисы фырт Эльбрус, уæд, æвæццæгæн, иу мисхал дæр нæ фæрæдидзынæн. Эльбрус ацы бæрнон бынатмæ æвзæрст æрцыд 1994 азы Зилгæйы хъæубæсты уæрæх æмбырды. Уæдæй абонмæ лæггад кæны кувæндонæн, дзуары фарн æфтауы хъæубæстыл.**

Зилгæ зæронд хъæуыл нымад у, куы æрбынæттон, уæдæй нырмæ рацыд 212 азы. Нудæсæм æнусы райдиан Уæрæсейы паддзах Александр 1 бардзырдмæ гæсгæ Арвыкомы фæндаг аразын куы райдыдтой, уæд сæ Тæгиатæ тынг хъыгдардтой, æмæ уæд хохаг хъæуты цæрджыты куы тыхæй, куы зæрдæлхæнæн лæвæртты руаджы æрвитын райдыдтой быдырмæ. Уыдонæй сæ иутæ уыдысты зындгонд æлдæрттæ Дудараты Тасолтан æмæ Дудараты Гæбис. 1814 азы Дудараты Тасолтан йæ дæлбар адæмимæ, æдæппæтæй æртындæс хæдзары, бинонтимæ æрцардысты, Елизаветинскы фидары хæдфарсмæ, Камбилеевкæйы дон зилгæ-милгæ кæм цæуы, уым, йæ рахиз фарс. Æмæ сæ æлдары кадæн сæ хъæу схуыдтой «Тасолтаны хъæу» – (Тасолтаново).

Афæдзы фæстæ Бæлтайæ ралыгъд иннæ æлдар Дудараты Гæбис йæ кæвдæсардтимæ, æмæ æрбынат кодтой Камбилеевкæйы цæугæдоны галиу был. Ам æрцардысты йæ дæлбар зæхкусджытæ: Забеты, Гуыдиаты, Гæриаты, Дауыраты, Хъесаты æмæ æндæр мыггæгты бинонтæ. Сæ цæрæн бынат схуыдтой «Гæбисы хъæу» – (Габисово).

Æлдæрттæ сæ дæлбар зæхкусджытыл сæвæрдтой хъалон, алы хæдзар дæр афæдз æлдарæн хъуамæ лæвæрдтаид иу æвзист сом, фыс, хосы уæрдон, стæй-иу бон-изæрмæ хуым кодтаид, хос карстаид æлдары хуымты. Ахæм уавæры адæм æлдæрттимæ сбыцæу сты, æмæ уæд 1855 азы æлдæрттæ алыгъдысты Кæрдзынмæ.

Цæмæй æлдæртты ном бынтон ферох уа, уый тыххæй уыцы аз (1855) дыууæ хъæуы баиу сты, æмæ йæ схуыдтой Зилгæ – Камбилеевкæйы дон къæдзтæмæдзтæ кæй цæуы, уый тыххæй. Уæд Зилгæйы хъæубæстæ æрæмбырд сты æмæ сæ иумæйаг æмбырды рахастой уынаффæ, цæмæй сæ хъæуы арæзт æрцæуа кувæндон. Хуыцау цы зæдтæ æмæ дауджытæ сфæлдыста, уыдонæй, фыццаджыдæр, Хуыцауæн йæхицæн, стæй ирон адæмæн се 'ппæтæй сæйрагдæр æмæ кадджындæр зæд у Уастырджи. Уымæ гæсгæ, кувæндонæн раттой Уастырджийы ном, хонынц ма йæ Къохы дзуар дæр.

Ацы кувæндон зилгæйæгтæн у æрдхæрæны бынат. Кæнгæ æфсымæртæ чи фæкæны, уыдон ам найфаты цæхх, къæбæрæй ард бахæрынц. Ног чындз хъæумæ куы фæзыны, уæд æй ам кувæндоны Уастырджийыл ма бафæдзæхсой, уымæн уæвæн нæй. Æфсады рæнхъытæм чи фæцæуы, уый дæр фæндараст кæнынц ацы кувæндонæй. Йе 'нæниздзинад кæмæн фæцуды, уый дæр æд хуын цæуы кувæндонмæ. Иу ныхасæй, зилгæйæгтæн сæ цард иуылдæр баст у ацы кувæндонимæ. Æмæ ацы æппæт хабæрттæн æгъдау кæнынц дзуарæн лæггадгæнджытæ **Болиаты Бубу, Мелыкаты Руслан, Джимиты Эльбрус, Болиаты Аслæнбег**, сæ сæргъы **Мысыкаты Эльбрус,** афтæмæй.

Кувæндон æрбынæттон æрдзæн йæ алæмæты ран, Камбилеевкæйы доны был. Ардæм бафтын дзæнæты къæсæрæй бахизынæй уæлдай нæу, йæ фæзуат дары цъæх-цъæхид, цыма йыл исчи цъæх гауыз айтыдта, уыйау, ис дзы æнусон бæлæстæ, кæрзытæ, тæрсытæ, хъæдурбæлæстæ æмæ æндæр бæлæстæ дæр. Найфаты фæзмæ зилынц дзуарæн лæггадгæнджытæ, афæдзы дæргъы йын йæ кæрдæг цалдæр хатты ныккæрдынц, зæронд бæлæстæн сæ хус къалиутæ ахырхынц, цы саратæ дзы ис, уыдон цалцæг кæнынц. Ам сын стыр æххуыс бакæны амалхъом адæймаг **Кцойты Мæирбег,** радих сын кæны ахорæнтæ, стæй ма цалцæггæнынæн цы фæрæзтæ хъæуы, уыдон дæр. Уæдæ **Хæблиаты Витали** дæр йæ хъæубæсты нæ рох кæны, уый та сын баххуыс кæны æхцайы фæрæзтæй. Арфæйы ныхæсты аккаг у **Болиаты Галинæ**. Уый кæд Зилгæйы нæ цæры, уæддæр дзы йæ хъæубæстæ рох не сты, у сыл æнувыд æмæ иузæрдион. Алы аз дæр стыр хуынтæ æд кусæрттаг æрбарвиты бæрæгбонмæ.

Куыд зонæм, афтæмæй Зилгæйы хъæуы дзуары бон вæййы майрæмы мæйы (августы) æртыккаг Хуыцаубоны, ацы аз уыдзæн 16 августы. Нæ фембæлды Эльбрусмæ раттон фарст:

**– Уæ бæрæгбон, цæмæй аккаг уагыл бæрæггонд æрцæуа, уымæн уæм цавæр пълантæ ис?**

– Куыд алы аз, афтæ та ныр дæр рагацау хъæубæстыл æрзилдзыстæм æмæ, кæмæн йæ къух куыд амоны, афтæ мысайнæгтæ æрæмбырд кæндзыстæм, стæй ма нæм фаронæй цы мысайнæгтæ баззад, уыдонимæ сæ баиу кæндзыстæм. Балхæндзыстæм нæл кусæрттаг (гал). Нæл кусæрттаг уый тыххæй кусарт кæнынц, æмæ, дам, дзуарæн уæд барстдæр вæййы. Стæй рагацау бахсиддзысты бæгæны. Ам бафиппайын хъæуы уый, æмæ нæм Сатанайау бæркадкъух æфсинтæ кæй ис: **Мелыкаты Людæ, Мелыкаты Агуындæ** æмæ йæ файнуст **Зитæ**. Уыдон бæрæгбоны агъоммæ æхсæв иу минут дæр нæ бацъынд кæнынц, æрцæттæ кæнынц уæливыхтæ æмæ ма куывдæн цы хæрд, нозт хъæуы, уыдон иууылдæр, æмæ сæ бæрæгбоны фынгтыл æрæвæрынц. Ацы фæтк ацы аз дæр хъуамæ ахæм уагыл æххæстгонд æрцæуа.

– Цы фæндтæ уæм ис, уыдон уæ къухы рæсугъдæй бафтæнт. Дæлæ Украинæйы цы хæст цæуы, уымæн тагъд рæстæджы кæрон куыд æрцæуа æмæ Иры хъæбултæ уæлахизимæ сæ хæдзæрттыл дзæбæхæй куыд сæмбæлой, ахæм арфæтæ нын Стыр Хуыцау, Уастырджи, зæдтæ æмæ дауджытæ ракæнæнт!



**ХÆМЫЦАТЫ Раман,**
**«Аланты Ныхас»-ы Рахизфарсы районы хайады ирон æгъдæутты комитеты сæрдар**

**Спортивон фидиуæг**



# Олимпиадæйы агъоммæ æркаст

Цæгат Ирыстоны спортсментæ архайынц афæдзы сæйраг ерысты – 2026 азы июлæй октябрмæ чи уыдзæн, Уæрæсейы Адæмты уыцы II спартакиадæйы. Атлетты 'хсæн егъау ерыстæ цæуынц Уæрæсейы Федерацийы Президент В.В.Путины фæдзæхстмæ гæсгæ Уæрæсейы Адæмты иудзинады кадæн. Ерыстæ бахæсдзысты стыр бавæрæн пад-дзахадон программæ «Уæрæсейы спорт»-ы нысантæ сæххæст кæнынмæ.

Спартакиадæйы равзардзысты, 2028 азы Лос-Анджелесы чи ацæудзæн, уыцы Олимпиаг хъæзтыты архайджыты. Ерысты программæмæ бахастой 44 спорты хуызы, уыдонимæ – национ хуыз самбо дæр. Атлеттæ тох кæндзысты хæрзиуджыты 362 комплектыл, архайдзысты дзы 15 мин адæймаджы бæрц, уыдонæй 9 мины – спортсментæ. Ерыстæ цæудзысты авд регионы, кадджын уавæры сæ байгом кæндзысты 8 августы, Физкультурничы бон, Екатеринбурджы.

РЦИ-Аланийы командæйы уæнгтæ ныридæгæн архайдтой тхэквондойы турниры, уæгъдибар æмæ грекъаг-ромаг хъæбысæйхæцджытæ, боксертæ æмæ уæззау атлетикæйы архайæг спортсментæ та дарддæр сæхи цæттæ кæнынц спартакиадæмæ.



Юрген-Шамейыл.

## Йæ уæлахизæн – историон ахадындзинад

Фæстаг ссæдз азы Гасситы Мураты уæлахиз у, уæрæсейаг боксер чемпионы ронтæ дыууæ уæзы куы рамбылдта, ахæм фыццаг цау. Уымæй уæлдай, ссæдз азмæ фыццаг хатт Уæрæсейы минæвар уæззау уæзы ссис чемпион. Уый тыххæй фехъусын кодта Уæрæсейы сгуыхт тренер Сланты Витали.

Витали куыд зæгъы, афтæмæй тохы фæстæ Гасситы Мурат цыбыр рæстæджы фæстæ райдайдзæн йæхи иннæ ерысмæ цæттæ кæнын.

«Гассийы-фырты уæлахизæн ис историон ахадындзинад дунеон боксы. Профессионалон боксы историйы æрмæстдæр цыппар адæймаджы систы дунеон чемпионтæ фыццаг уæззау æмæ уæззау уæзы. Ныр Мурат дæр уыдоны нымæцы ис», – бафтыдта ма йæ ныхасмæ тренер.



## Нæ барджытæ – хуыздæртимæ

Раздæр ма куыд фыстам, афтæмæй 17 июлæй 19 июльмæ Заводы поселочы Хъыбызты Фердинанды номыл республикон бæхылбадджыты спортивон скъолайы ацыдысты Æппæтуæрæсеон ерыстæ бæхты спортæй. Ахæм ерысты руаджы парахат кæны ацы рæсугъд спорты хуыз, здахы активон цардмæ ног æмæ ног адæмы.

Майдантыл тох кодтой 43 барæджы Мæскуыйæ, Мæскуыйы, Тверы, Калугæйы, Рязаны, Орелы, Курскы облæсттæй, Краснодары край, Тюмень æмæ РЦИ-Аланийæ æртæ дисциплинæйы – конкур, манежы цæуын æмæ кроссы.

Ерыстæ баиу кодтой алы кары барджыты. Уæрæсейы чемпионаты CCN 3*L æмвæзады архайдтой сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæ. HL æмæ LL æмвæзады стартты – юниортæ (16–21-аздзыдтæ), чызджытæ æмæ лæппутæ (14–18-аздзыдтæ) æмæ æнахъом спортсментæ (12-16-аздзыдтæ). Бæрæгбоны кæронбæттæны ерыстæм рацыдысты Хъыбызты Фердинанды номыл республикон бæхылбадджыты спортивон скъолайы хъомылгæнинæгтæ – дæсаздзыд барджытæ, сæ арæхстдзинад конкур-LL равдыстой.

Турнир сарæзтой Уæрæсе æмæ РЦИ-Аланийы Спорты министрадтæ, Уæрæсе æмæ РЦИ-Аланийы Бæхылбадджыты спорты федерацитæ. Уæлахиздзаутæ æмæ призонбынæттæ бацахсджыты схорзæхджын кодтой кубоктæ, майдантæ, дипломтæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй.

Турниры сæхи æнтыстджынæй равдыстой РЦИ-Аланийы минæвæрттæ. Æппæтуæрæсеон ерысты хуыздæрты 'хсæн уыдысты æмæ раппæлыны аккаг сты: ТВ 90 (сывæллæттæ): Тæкъоты Кристинæ Оливийыл; Т 2*-Д: Иванова Кира Картелыл, Хъуысаты Алан Юргеныл; ТВ 100: Хъуысаты Алан Секретыл; ТВ 90: Челæхаты Виктория Ализберыл, Баликъоты Самирæ Танцорыл; ТВ 80 ( 4–5 –аздзыд бæхтæ): Хортиты Аннæ Кватро-Гочейыл.

Муниципалон ерыстæ конкуры:

80 сантиметры бæрзæнд: Абайты Дарья Дольменыл, Шашкина Елизавета Маулитыл, Сланты Матвей Кэтриныл.

90 сантиметры бæрзæнд: Шашкина Елизавета Маулитыл, Цыбырты Аннæ Дольменыл.

100 сантиметры бæрзæнд: Дзанайты Аринæ Лордыл, Къусраты Меган Квазарыл, Гаглойты Евæ

## Шахматист æмæ фыссæг

Цæгат Ирыстоны сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеранты 'хсæн спорты алы хуызты архайд парахат кæны. Уыдон республикон ерыстæ æмæ æппæтуæрæсеон турнирты иудадзыг бæрзонд бæрæггæнæнтæ æвдисынц. Уыцы æнтыстдзинæдтæ аккаг бавæрæн сты паддзахадон программæ «Уæрæсейы спорт» сæххæст кæныны хъуыддагмæ.



Уымæн ирд æвдисæн у историон наукæты кандидат, Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны университеты ахуыргæнæг **Бимбасты Руслан.** Руслан æртæ азы фæци сæрмагонд æфсæддон операцийы, æхсар æмæ дзы лæгдзинад равдыста. Ныртæккæ йæхи цæттæ кæны Æппæтуæрæсеон шахматон турниры архайынмæ. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты 'хсæн ерыстæ ацæудзысты 30-31 июлы Свердловскы облæсты Нижний Тагилы. Бимбасты Руслан ма спортæй уæлдай фыссы чингуытæ историон темæтыл.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Аивад**

# Ирон композиторы кадæн

**Галаты Барисы номыл дыккæгæм æппæтдунеон музыкалон конкурс «Тропами Галати» уыдзæн ацы фæззæг Хуссар Ирыстоны. Проект царды æххæстгонд æрцæудзæн Уæрæсейы Президенты культурон хъæппæристы фонды гранты фæрцы. Конкурс саразыны фæндон бахаста хъуыстгонд ирон композиторы номыл фонды архайдыл иузæрдион адæймаг – ГЕРГИТЫ Ларисæ.**

Ацы азы конкурсон программæ хъæздыг уыдзæн номинацитæй фортепиано, вокал, хъисджын æмæ адæмон инструменттæй. Нырмæ мыхуыры чи нæ рацыд, Галаты Барисы уыцы мысинæгтæ мыхуыры рауадзыны фæлгæты арæзт æрцæудзæн уыдонмæ сывæллæтты конд иллюстрациты проект. Адæмон зарджытæ æмбырдгæнæг Ленинграды центрон музыкалон училищæ каст фæуыны фæстæ Галайы-фырт 1931 азы æрцард æмæ куыста Цхинвалы, йæ фæрцы горæты байгом музыкалон училищæ, уыд йæ директор. Фæстæдæр Хуссар Ирыстоны драмон театры куыста оркестры дирижер æмæ сценикон аивады уагдоны директорæй. Сæвæрдта бындур республикæйы паддзахадон ансамбль «Симд»- æн, бирæ рæстæг уыд йæ дирижер æмæ аивадон разамонæг.



Конкурс аразджытæй иу, Галаты Барисы номыл фонды директор **Гаглойты Лианæ** куыд зæгъы, афтæмæй йæм хуынд æрцæудзысты хъуыстгонд ахуыргæнджытæ æмæ дзырддзæугæ жюри. Фыццаг конкурсмæ фондæн бантыст йæ къухфыстыты дыууæ æмбырдгонды мыхуыры рауадзын, ацы аз октябры та рухс фендзысты, композитор фæндыр æмæ скрипкæйæн кæй ныффыста, уыцы ног æмбырдгæндтæ, стæй раздæр чысыл экземплыртæй чи рацыд, уыдон ногæй джиппы уагъд æрцæудзысты.

Галаты Барисы номыл конкурс арæзт цæуы дыууæ азы иу хатт, ацы хатт ма дзы архайдзысты Новороссийскы Гергиты Ларисæйы номыл музыкалон скъолайы ахуырдзаутæ. Ногиры та нысан кæнынц концерттæй иу бынæттон музыкалон скъолайы арвитын. Конкурсы архайджытæм байхъуыстытæ цæудзысты Цхинвалы Æлборты Феликсы номыл Музыкалон училищæйы. Ныридæгæн та разæнгардæй цæттæ кæнынц конкурсы репертуар.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

**Ахуырад**

# Равзæрст дæсныйадмæ – балцæг

**Цæгат Ирыстоны техникумтæ æмæ колледжты 3,5 рауагъдонæй фылдæр раттой демонстрацион фæлварæн. Ныридæгæн уал æй 23 ахуырадон уагдоны æнтыстджынæй сæххæст кодтой 3570 адæймаджы. Уый у хорз бæрæггæнæн, фарон ацафонимæ абаргæйæ – 160 рауагъдоны фылдæр.**

Ацы азы хицæндзинад ис уый мидæг, æмæ 2954 адæймаджы, ома, рауагъдонты 80 проценты, равзæрстой профилон æмвæзад. Зæгъæм, ивгъуыд 2025 азы ахæм зын вариант лæвæрдтой 1708 рауагъдоны.

Æдæппæтæй 2026 азы фæлварæн ратынвæнд кæнынц астæуккаг профессионалон ахуырады уагдæтты 3814 рауагъдоны.



Цы нысан кæнынц ацы нымæцтæ? Профилон æмвæзады хай кæй рæзы, уый нысан кæны, куысты бынæттæ чи дæтты æмæ куыстуæтты къабазы интерестæ хъуыдыйаг кæй сты, уый. Рауагъдонтæ арæхдæр равзарынц зындæр фæлварæнты сæрты ахизын, цæмæй республикæйы фæллойадон базарады дæсны специалисттæ суой, сæ бон æцæг зындзинæдты ныхмæ фæлæууын уа, уый тыххæй.

РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад фæнд кæны тагъд рæстæджы фæлварæны компетенцитæ фæуæрæхдæр кæнын, экспертты квалификаци фæбæрзонддæр кæнын.

Фæлварæн хуымæтæджы нæу, уый балцæджы хуызы банымайæн ис равзæрст дæсныйадмæ фæндагыл.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад**

**Æхсæнадон цард**

# Пенсиисджыты бон

**Фæсгорæт Сау доны (Черная речка) æрдзы хъæбысы уыдис, пенсион кары чи ис, уыдонæн стыр бæрæгбон «Пенсиисджыты бон».**

Бæрæгбонмæ æрбамбырд æртиссæдз адæймагæй фылдæр, арæзт æрцыд спонсорты руаджы, йæ саразæг уыд амалхъом адæймаг **Мæхъиты Тамерлан**. Бæрæгбон амыдта **Тауитты Алетæ.**

Цæмæй дзæбæх баулæфыдаиккой æрбацæуæг адæм, уый тыххæй сын рагацау ауон рæтты æрдзы хъæбысы равæрдтой стъолтæ, бандæттæ æмæ сын уырдæм рахастой алыхуызон адджын дæттæ æмæ хæрзад хæринæгтæ.



Ахæм бæрæгбæттæ сын саразынц иумæ сæ спонсортæ. Уыцы иу рæстæг сын саразынц фембæлдтытæ зындгонд артисттимæ, музыканттимæ, зарæггæнджытимæ, алы инструменттыл профессионалон цæгъдджытимæ, стæй ма хæрзæрыгон цымыдисаг артисттимæ.

Уыцы бон пенсиисджытæ хорз баулæфыдысты, сæхæдæг дæр фæзарыдысты, фæкафыдысты, фæцин кодтой кæрæдзиуыл, сæ бæрæгбон арвыстой уарзонæй, рæсугъдæй, хъæлдзæгæй, куыд не 'нхъæл уыдысты, афтæ, æмæ изæрæй дзæбæхæй, хорз равгимæ бузныгæй, цинтимæ, заргæйæ ацыдысты сæ фæрныг хæдзæрттæм.

**БЫЗЫККАТЫ Земфирæ**

**РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ**

**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.: 8-961-821-90-88.**

**Издательство «Респект»**
**работает над книгой**
**«2000 осетинских фамилий»**
**и собирает сведения об истории**
**их происхождения**
**и известных представителях.**
**Обращаться по адресу:**
**ул. Маркуса, 41а.**
**Тел.: 9-918-821-01-21.**




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2381.
Заказ № 783.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**